Pouse Fè Misyon



Kontribisyon ou bay jodi a ap ede rakonte sa kap pase demen. Paske legliz nou an travay ansanm avèk lòt legliz ki menm jan avèk nou nan Konvansyon Batis Sid la, nou rive fè yon enpak toupatou nan eta a, nan nasyon an epi nan lemon antye. Lè ou fè sakrifis pou bay, nou debloke yon pòsyon nan don sa a pou pouse fè misyon pi lwen ke nou te kapab pou kont nou. Men kèk ekzanp ki montre pouki sa konpasyon ak jenewozite enpòtan.

Bezwen yo anpil.

- 15 milyon moun nan Florid poko janm fè lapè avèk Jezi Kris.
- 714 nouvèl kongregasyon te kòmanse ane pase nan Batis di Sid, malgre sa gen 273 milyon moun ki toujou poko genyen relasyon avèk Jezi Kris nan Amerik di Nò. Gen bezwen toujou pou plis legliz, donk jenewozite ou ap fè yon diferans.
- 6,825 gwoup moun toupatou nan lemonn poko touche avèk Levanjil Jezi Kris la. Don ou bay la va fè yon enpak sou rejyon sa yo ki nan nwasè nan lemonn.

Ansanm, avèk kontribisyon pa ou epi legliz pa nou, nou ka ede fè avanse wayòm Bondye a nan kominote lokal nou yo, toupatou nan Florid, nan Etazini epi patou nan lemonn. Yon pòsyon nan don ou bay pou legliz la ale nan Konvansyon Batis Florid, epi yo voye 51% ladan bay Konvansyon Batis di Sid. Lajan sa a kontinye pou ale nan Komite Misyon Entènasyonal, Komite Misyon Amerik di Nò epi tout lòt kalite ministè ki ap pouse fè misyon.



Inisyativ Defi 2025 lan ini Batis Florid yo pou pouse Levanjil la ale pi lwen toujou. Aprann plis nan flbaptist.org/challenge-2025

Learn more here

Devlopman

Pataje Ansanm

Tounen Etidyan an Disip

Bondye rele epi devlope chak moun nan pwen diferan, epi ekipe nou chak ak yon plas pou fè ministè nan komisyon pou ale pote Bòn Nouvèl la nan lemonn. Pandan ou ap bay atravè Pwogram Koperativ la ou ap envèsti nan avni lòt jenerasyon ki pral kontinye travay la. Men ki jan...

- Ou ap fè pwomosyon pou Edikasyon sou Misyon pou timoun pandan ou ap ede yo dekouvri pasyon yo pou misyon, patisipe aktivman nan Grann Komisyon an epi elaji wayòm Bondye atravè don ak envestisman ou fè nan Pwogram Koperativ la.
- Ou ap montre Kòwòt Nouvèl Jenerasyon yo ki rasanble ansanm lidè ministè pou timoun avèk etidyan yo ki soti toupatou nan eta a pou rankontre yon fwa chak mwa mwa pou ankourajman epi fòmasyon.
- Ou ap mete sou pye anpil eksperyans bon kalite kan tankou Super Summer Florida, yon kan pou Batis Florid yo, òganize pa moun Batis Florid yo. Kontribisyon ou la bay yon opòtinite pou legliz yo ta ede jèn etidyan yo grandi nan mach yo ak Jezi, pandan yo ap grandi pi prè ansanm.
- Ou ap ekipe pwochen pastè yo nan Kolèj Batis Florid la, kote yo ekipe moun ki gradye yo avèk ekselans, zèl espirityèl, karaktè kretyen, epi bon jan konesans pou ka fè ministè. Misyon kolèj BCF la se pou prepare pwochen jenerasyon lidè Kretyen yo pou "Chanje Lemonn avèk PawÒl ki pa Chanje a."
- Ou ap ede misyon tout sis seminè Batis di Sid yo pou prepare gason ak fi ke Bondye rele pou fè sèvis vokasyonèl nan legliz Batis yo ansanm ak nan lòt ministè Kretyen toupatou nan lemonn atravè plizyè pwogram sou devlopman espirityèl, etid tewolojik, epi preparasyon pratik pou ministè.
- Ou ap fè yo konnen Kris atravè eksperyans ki chanje lavi pou moun tout laj, nan yon anviwònman ki rich avèk opòtinite ki se Sant Konferans Batis Lake Yale.

Ministère Haïtiennes | Tout Près de Vous.
Convention Baptiste de la Floride

flbaptist.org | #ReachFlorida #ReachTheWorld

Ale, fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.

Matye 28:19

Selebre Nouvèl Vi!

Sèvi Refijye yo

Bòn Nouvèl pou Lemonn Antye

Agrandisman

Toupatou nan eta Florid la epi toupatou nan Amerik di Nò, Bondye kontinye ap fè travay li atravè gwoup kwayan sa yo ki rasanble ansanm kòm legliz lokal la; pandan yo byen soutni avèk priyè fidèl epi sipò finansye.

- Nan dènye ane sa a 69 plantè legliz, ansanm avèk 47 pastè miltietnik, jwenn sipÒ atravè patenarya SEND Network Florida a.
- Toupatou nan Amerik di Nò, 714 kongregasyon te plante ane pase.
- Anpil ansyen legliz ap fè eksperyans nan revèy ak revitalizasyon pandan Lespri Bondye ap soufle yon vi nouvèl sou pèp li.

Lokalize nan sid St. Augustine, Legliz Batis Moultrie te pataje levanjil la fidèlman nan kominote a pandan karant lane men an 2018 kongregasyon an te vin kòmanse bese.

Te bezwen gen chanjman epi Pastè Johnny Weldon te kòmanse priye pou Bondye ouvri kè yo sou kominote a. “Ansanm nou fè yon diferans” se nouvo slogan sa a yo genyen pandan ke yo aspire pou vini yon milti-jenerasyonèl, milti-etnik, e yon pèp an misyon ki ap miltipliye.

Don finansye yo atravè Pwogram Koperativ la ede fè efò revitalizasyon yo tankou ekzanp sa a posib toupatou nan eta a.

Grandi nan Florid

Objektif:
75+ Plantasyon Legliz &
100+ Revitalizasyon Legliz chak ane

Bay

Espwa pou Demen

Tankou anpil fanmi refijye ki soti Soudan, Aamira avèk fanmi li te malad pandan plizyè mwa epi yo pat kapab soti kite kay yo poutèt pwoblèm COVID nan rejyon yo te ye a. Yo viv san okenn relasyon avèk lòt moun eksepte fanmi imedyat yo epi prèske san revni akoz pwoblèm restriksyon pou pandemik yo nan peyi a.

Erezman, ekip Send Relief yo te kontinye ap delivre plizyè bwat manje bay fanmi sa yo epi pataje levanjil la avèk refijye ki bezwen espwa.

“Tout moun ki te resevwa manje se Mizilman, men pi fò-si se pa tout- tap kesyone fwa islamik yo paske pou jan yo wè Kretyen yo tap distribye manje ba yo,” selon patnè Send Relief la nan zòn nan. Sa te ede pouse yo pou kòmanse chache Jezi, epi ki te tou bay kèk opòtinite pou pataje Bòn Nouvèl la.

Konpasyon ak jenewozite ou pèmèt Levanjil la kapab rive entwodwi pandan bezwen fizik yo ap rezoud.

- Ou ap sipòte anpil ministè tankou klas pou aprann Anglè, soulajman pou grangou, sèvis pou dan ak lasante, epi ministè pou imigran avèk pò bato yo.
- Ou ap pote kole avèk Konvansyon Batis ki Cuba ak Ayiti pou rezoud bezwen fizik ak espirityèl yo.
- Ou ap bay asistans, gerizon, epi espwa ki demontre e pataje lanmou Kris la atravè Repons Soulajman Dezas epi atravè Send Relief, ki se manch konpasyon Konvansyon Batis di Sid.
- Ou ap ede timoun ki vilnerab ansanm ak fanmi ki ap goumen ak sèvis ki konsantre sou Kris atravè Florida Baptist Children's Homes + One More Child.

Objektif pou Angajman nan Misyon:
Touche plis moun chak ane –
nan zòn lokal, nasyonal, entènasyonal

Pataje

Kilès ki Moun pa Ou?

Aprè de ane nan preparasyon, epi atravè kontribisyon ou nan Pwogram Koperativ la, kèk etidyan kolèj te planifye yon aktivite, pou tout lòt etidyan kolèj, rasanble ansanm nan yon kominote demini nan Sant Florid.

Nan finisman sware a epi pou rive nan lòt jou yo, 21 etidyan kolèj te dakò konfese fwa yo nan Jezi Kris epi plis ke 300 fè desizyon pou rekòmanse.

Kòm kwayan nou dezire pou nou wè Wayòm Bondye a grandi nan chak jenerasyon, etnisite, kilti, e nasyon. Kontribisyon sakrifisyèl ou yo nan Pwogram Koperativ la pèmèt mesaj Levanjil la rive pataje isit e toupatou nan lemonn.

- Ministè Kolejyen Batis yo touche epi fè disip ak pwochèn jenerasyon an.
- Chaplenm Batis Florid yo fè ministèè nan kondisyon ki difisil anpil tankou moun ki pote Premye Sekou, Lopital yo, Plas pou Kan ak Otèl yo.
- Ki Moun ki pou Ou? Inisyativ ki ekipe epi ranfòse ou pou evanjelize vwazen ou yo.
- Ou sipòte plis ke 4,000+ misyonè atravè Komite Misyon Entènasyonal la.

Objektifl: 30,000+
Batèm chak ane